# Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр

Махуэм аргуэру зыкъе1эт, дыгъэпск1э зэщ1эблауэ. Бзий 1эпэ щабэхэмк1э дахащэу уэсыр ятрелъэщ1ык1 уэздыгъей щхьэк1эхэм, псейм я пл1э ещ1ыхахэм. Дэни зыщрак1ут нэхум, хуабэм, бжьыхьэк1апэ мылхэр ягъэву. Ягу ужьыхауэ хуабэм зезыгъэу щ1ымахуэ бзухэр т1эк1у ягъэгуф1э. Арщхьэк1э, махуэ гъуэгуанэр зэрынэблагъэу, бжьыхьэк1апэхэр аргуэру подиик1ри щ1ымахуэ дзэлашхэм и дзэпкъ папц1эу къы1уоп1иик1 зи дзэлыфэ зыт1а уаер. Абы и дзэпкъ маисэхэр къыщ1ы1уигъэпсыр къэк1уэта гъатхэр игъэшынэну арами хъунт. Арщхьэк1э гъатхэр абы щымышынэу къо1эгъуэ, и къарур хигъахъуэу, зызыхъунщ1э щ1ымахуэр игъэпыхьэу. Мэпыхьэ ар, гъатхэ гуащ1аф1эм ар зэрыпэмылъэщым иризэгуэпу.

( Щоджэнц1ык1у 1. зэритхамк1э)

Лэжьыгъэхэр:

1. Гъэм и зэманхэм зызэрахъуэжыр сыт хуэдэ 1эмалк1э къигъэлъагъуэрэ тхак1уэм?
2. Бжьыхьэк1апэ, гъуэгуанэ, уэздыгъей псалъэхэр зэрызэхэт 1ыхьэхэмк1э зэпкърыхын.

Адрей гъэ блэк1ам хуэмыдэу, а гъэр пасэ дыдэу къэсат. Гъатхэ дыгъэм игъэтк1ужа, къущхьэ къуак1эбгык1эхэм къыдэк1 уэсэпсыр Инжыдж хэлъадэти, шэ мащ1э зыхэк1а къалмыкъ шейм хуэдэу, утхъуауэ ищхъэрэк1э ежэхт. Абы ищ1ы1ужым къущхьэм къыщешха уэшх иным Инжыджыр нэхъри ин, уэр ищ1ати, «нэри пэри ехь», жыхуа1эм хуэдэу, къиуауэ, бгы нэпкъым жьэхэуэмэ зриудэк1ыу, тк1уэпс п1ащэхэр бжыгъэншэу хьэуам хипхъэу, захъунщ1эу къежэхт. Псыхъуэ мывэ инхэри, бгы къутахуэ мывэ тыкъыр зэпэпл1имэхэри, зыр зым ириудэк1ыу, кърихьэхт.

(Дышэк1 М. зэритхамк1э)

Лэжьыгъэхэр:

1. «Нэри пэри ехь» псалъэ зэпхам хуэдэхэм сыт зэреджэр?
2. Тхыгъэм къыщыгъуэтын щы1эц1э псалъэхэр. Къыжы1эн ахэр зэрыт падежымрэ бжыгъэмрэ.

Адыгэ 1уэры1уатэм хэтщ нартхэм хабзэ гуэр я1ауэ. А хабзэм нарт щауэхэм къалэн къащищ1ырт я нэхъыжьхэр къарусыз хъуа нэужь, чы матэ ирагъэт1ысхьэу, Жьыгъэибг ирадзыхыжын хуейуэ.А хабзэ гъущ1эгъуншэр пщы Бэдынокъуэ нартхэм яригъэбгынащ, хабзэщ1и къахилъхьащ. Бэдынокъуэ нартхэм къахилъхьа хабзэщ1эм лъэпкъыр дэунащ, нартхэ сыт хуэдэ тхьэмыщк1агъэ хэхуами, абы къызэрелын 1эмал Бэдын къажри1эурэ, нартхэр гузэвэгъуэм къригъэлащ…

Дяпа ита пасэрей адыгэхэм мы хъыбар телъыджэмк1э къытхуа1уэтащ акъылышхуэ зыхэлъ гупсысэ: лъэпкъым и тхыдэр куэншыбым хэбдзэж, ар пщэ, пты зэрымыхъунур, ат1э ар джын зэрыхуейр. Ит1анэ а тхыдэм езым ухуригъэджэнущ, ухуигъэсэжынущ нобэ узэрыпсэуну щ1ык1эм, пщэдей лъэпкъым и1эну псэук1эм.

Нало А. (зэритхамк1э)

Лэжьыгъэхэр:

Тхыгъэм план хуэгъэувын.

1. «Дэунащ», «куэншыб» псалъэхэм я мыхьэнэр къыжы1эн, ахэм синоним къахуэхьын.

2. Тхыгъэм хэт плъыфэц1эхэр къыхэтхык1ын, ахэр зэрыт падежымрэ бжыгъэмрэ къыжы1эн.

Нэхъыжьыр гъэлъэп1эным и щыхьэту телъыджэ куэд ещ1э Кавкзым и тхыдэм.

…Л1ы бланэ Къуэжэбэрдыкъуэ зэрыл1ык1ын у1эгъэ телъу зауэм къы1уашыжри я деж къашэжащ, же1э «Къуэжэбэрдыкъуэ и уэрэдым» и хъыбарым. И адэм жра1ащ и къуэм деж щ1ыхьэу 1уплъэжыну. Езы Къуэжэбэрдыкъуи жра1ащ и адэр къызэрыщ1ыхьэнур.

- Сыщылъ дэнэ къэна, сыщысу игъащ1эм си адэм зезгъэлъэгъуакъым, - жи1ащ л1ы бланэм. – Бгыкъум к1апсэ ифщ1и си блыпкъым къивдзэ. Сыл1эмэ нэхъыф1щ, сыщымыту си адэр къыщ1ыхьэ нэхърэ.

Л1ыхъужьыр зыщ1элъэ1уар хуащ1ащ. Адэр къыщ1ыхьэху бгыкъум к1эрыщ1а к1апсэр и блыпкъым идзауэ и къуэр щилъагъум, зэтеубыдауэ жи1ащ:

- Гъащ1э и1амэ, л1ы хъунт ар.

Абы нэхъ жимы1эу адэр щ1эк1ыжащ, Къуэжэбэрдыкъуи мыгувэу л1ащ.

(Хъыбар)

Лэжьыгъэхэр:

1. Мы хъыбарым сыт дэ къыдигъащ1эр, нобэ ди щ1эблэм дежк1э сыт хуэдэ мыхьэнэ и1э?

2. «Л1эным л1ыгъэ хэлъщ» жыхуи1э адыгэ псалъэжьыр дауэ къывгуры1уэрэ?

3. Адыгэл1ым хэлъын хуей л1ыгъэмрэ шы1эныгъэмрэ дауэ къывгуры1уэрэ?

4. Псалъэ занщ1э зыхэт псалъэухам нагъыщэ зэрыщагъэувым и хабзэхэр къыжы1эн.

Псалъэжьхэр.

Жыгыр зыгъэдахэр пхъэщхьэмыщхьэщ, ц1ыхур зыгъэбжьыф1эр и 1уэху щ1афэщ. Насыпыр хъуржынк1э уафэм кърахьэхыркъым – пщ1энт1эпсым къыхок1. Уэгъум ихьар уэлбанэм къехьыжри уэлбанэм ихьар уэгъум къихьижыркъым. Улажьэмэ, лыжь пшхынщ, умылажьэмэ, лажьэ бгъуэтынщ. Джатэ къихак1э къыпхуэжэм ущымыщти, къуэгъэнап1эм къыкъуэтым хуэсакъ. Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщыл1э. Жэщым и дахэр мазагъуэщ , ц1ыхум и дахэр акъылщ. Жыгым къыпык1эр и уасэщ, ц1ыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ. Уи адэ-анэм яхуэпщ1 нэмысыр уи бынми къыпхуащ1ыжынщ. Умэжал1эк1э къыппэщ1эхуэр иумыгуэ, узэгуэпк1э къыбжьэдэхуар жумы1э. «Шылэм и хьэ лъэ макъ зезгъэщ1ынт, хьэ лъэ макъым шы лъэ макъ зезгъэщхьынт», - же1э мазэхъуанэм.

(Хъыбар)

Лэжьыгъэхэр:

1. Тхыгъэм хэмыту сыт хуэдэ псалъэжьхэр фщ1эрэ?
2. «Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщыл1э» псалъэжьым и мыхьэнэм тепсэлъыхьын.
3. Япэ псалъэухаищыр и пкъыгъуэхэмк1э зэпкърыхын.

Бзиху.

Жьы хъуа бзиху жыгыр икъук1э дахэщ ик1и хьэлэмэтщ. Къудамэхэр инщ, баринэшхуэу дэнэк1и задзащ. Тхьэмпэхэм мэ дахэ щоу. Бзихум и щ1агъыр жьауэщ, щ1ы1эты1эщ. Гъэмахуэ хуабэм игъэбэта ц1ыхур абы и лъабжьэм къыщоувы1э, зыщагъэху.

Бзихур хужьу мэгъагъэ. Гъэмахуэм деж бжьэхэр бзихум и тхьэмпэ 1увым щызэрызохьэ. Бзихум и гъэгъа хужьхэм бжьэхэм мэ гуак1уэ дахэ зыщу фо къыхах. Абы къыхэк1к1э бзихур щыбэ мэзхэм я лъапэхэм бжьахъуэхэм увы1эп1э щащ1. Бзихум къыхаха фор хущхъуэщ.

Бзихум 1эмэпсымэ къыхэпщ1ык1ыну зыхуэдэ щы1экъым. Абы и пхъэ щабэ хужьыр пхъуэ мэхъу, бгъэц1у мэхъу, пхъэпсым тыншу къещтэ. Абы къыхэк1к1э бзихум хьэкъуэщыкъуи, сабийхэр зэрыджэгу хьэпшып ц1ык1уи къыхэщ1ык1. Бзихум и пхъафэри хыф1адзэкъым. Ари сэбэпышхуэ мэхъу. Бзиху пхъафэм матэ дэгъуэ, аргуажьэ къыхащ1ык1.

Лэжьыгъэхэр:

1. Сыт хуэдэ жыг лъэпкъыгъуэ фи мэзхэм къыщык1ыу фщ1эрэ?
2. Падеж зэхуэмыдэхэм ит щы1эц1эхэм псалъэухам щагъэзэщ1э къалэнхэр къыжы1эн.
3. Мэ гуак1уэ, хущхъуэ, фэндырэ, щыбэ псалъэхэм синоним къахуэхьын.

## Хабзэм щыщ.

Нэхъыжьхэм я псэук1эм, я зэхэтык1эм к1элъыплъ сабийм гъащ1эм зыхуигъасэрт. Гъэсэныгъэм, хьэл-щэн дахэм я къежьап1эу плъытэ хъунут сабийм и адэ-анэм, и къуэш, и шыпхъухэм яхуищ1у зэса пщ1эмрэ щ1ыхьымрэ. Адыгэхэм я псалъафэу щытащ: ц1ыхум и адэ-анэм пщ1э хуищ1у къэмытэджамэ, и анэм зэрип1а быдзышэр щыгъупщамэ, апхуэдэм, нэгъуэщ1хэм дэнэ къыщцына, и щхьэм пщ1э хуищ1ыжынукъым.
Адыгэ сабийм и адэмрэ и анэмрэ яхуи1э хущытык1эм зэщхьэщык1ыныгъэ гуэрхэри и1эт. Анэм хуэгумащ1эт, ф1ыуэ ялъагъуу, я адэхэм щышынэрт, пщ1э хуащ1у. Анэм нэхъ я дзыхь ирагъэзырт, нэхъ щымыук1ытэу щытт, адэхэм нэхъ щызэп1эзэрытт. Занщ1эу уи нэм къы1уидзэу щыттэкъым адэ-анэм я быныр ф1ыуэ зэралъагъур. Нэгъуэщ1у жып1эмэ, быным сытри хуащ1эу, сытри хуагъэгъуу, хущ1ачу щытакъым. Ар ик1и л1ыгъэтэкъым лъэбакъуэу ичыр ябжу, ауи и къалэни щхьэщахыртэкъым.

Лэжьыгъэ:

1. Адыгэ хабзэхэм щыщу нэхъыжьымрэ нэхъыщ1эмрэ яку дэлъын хуей зэхущытык1эм къытепсэлъыхьын.

## Бадзэ.

Гъатхэм бадзэхэм къыщалъэтыхь пхъэнк1ий идзып1эхэм, былым псэуалъэхэм ик1и хупс ядз пхъэнк1ийм, куэншыбхэм хэт1ысхьэурэ. Дунейр уэф1 нэужьк1э, сыхьэтий-сыхьэт пщык1ут1 нэхъ дэмык1ыу, хупсхэм хьэп1ац1э хужь ц1ык1у къопщ. Дунейр щыуэф1ым суткитхук1э, щымыуэф1ым тхьэмахуит1-щык1э ахэр бадзэ дыдэ мэхъу. Абы и ужьк1э махуэ етхуанэм е ебланэм бадзэшхуэ мэхъу ик1и къилъэтыхьу щ1едзэ. Махуипщ1 хуэдиз дэк1а нэужь, бадзэр къыщрашам мэлъатэри езыми хупс едз. Зы еджагъэшхуэ гуэрым есып ищ1ащ, апрелым и пщык1утхум щ1ымахуэр изыха бадзэм хупсищэрэ т1ощ1рэ идзамэ, майм и зым ирихьэл1эу бадзищэрэ т1ощ1рэ къришыну. Абыхэм хупс япхъыж. Апхуэдэурэ бжьыхьэ пщ1ондэ мак1уэ. А зэманым ирихьэл1эу зы бадзэм къытехъук1ам къытехъук1ыжурэ, абыхэм я бжыгъэр миллиардым нос. Пэжщ, хупс ядзахэм щыщи, бадзэ дыдэхэм щыщ куэди мэк1уэд, ауэ куэд дыди къонэ. Бадзэхэр гъэк1уэдыным щ1эбэнын хуейщ. Бадзэхэм уз зэрыц1алэ узыфищэхэр зэбграх.

Лэжьыгъэхэр:

1. Тхыгъэм план хузэхэлъхьэн, планым тету изложенэ мыин тхын.
2.Бжыгъэц1эхэр къыщыгъуэтын, ахэр зыхуэдэр, зэрызэхэт гупыр, псалъэухам щагъэзащ1э къалэныр къыжы1эн.

Зэпеуэныгъэ.

Бжьыхьэ хуэгъазэ хъуат, ауэ дыгъэм и къару къызэрихьк1э хьэуар къиигъэхуэбауэ Инжыдж и 1уфэр тэрэфарэу пщ1ыпщ1у уигъэлъагъут. Махуэ псом тафэ иным деж шы гъэжэнымк1э, 1эщэр гъэ1эрыхуэнымк1э, нэщанэ еуэнымк1э ныбжьыщ1эхэм я зэпеуэныгъэр ек1уэк1ынут. Щ1алэщ1эхэм я 1эк1уэлъак1уагъым и хьэкумыр зыщ1эну зи пщэ илъ нэхъыжьхэр 1уащхьэ хэ1этык1ам щызэхэст, зэхьэзэхуэм и ек1уэк1ык1эр псори зэралъагъунум хуэдэу. А л1ыжьхэм зэгуэрым зэф1эк1 ин зэра1эу щытам, л1ыгъэ зэрахэлъым и нагъыщэу 1эщэ-фащэ лыдыжхэр, фоч к1эщ1хэр, к1эрахъуэхэр ядэлът. Дыжьын бгырыпххэм и 1эпхъуамбэшхуэхэр дэгъэнауэ, зашэщ1ауэ, зэхьэзэхуэр зэрек1уэк1ым еплъыну хьэзыру щыст л1ыжь жьак1эхухэр. Абыхэм нэхърэ нэхъыщ1э1уэхэр ищхъэрэ1уэк1э к1уэтауэ щыст. Псори пэплъэрт шыгъажэм щ1идзэным. Хъулъхугъэхэм япэ1эщ1эу, абыхэм зрамыгъэлъагъуу къахуэкъуэплът а махуэм зи къуэхэр зэхьэзэхуэм хэтын хуея анэхэри. Апхуэдэ зэныкъуэкъуныгъэм еплъыну, нэхъ л1ыгъэ къэзыгъэлъагъуэр зрагъэщ1эну къызэхуэст къуажэ хъыджэбзхэри.
Псом хуэмыдэу зи гур темыпы1эжыр зэхьэзэхуэм хэтыну щ1алэхэрат. Ахэр къахэплъэрт къызэхуэса хъыджэбзхэм, ягу ирихьхэр нэк1э хаубыдык1ыурэ зэпаплъыхьт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хуейт л1ып1э зэриувам и нагъыщэр - къамыр нобэ къыдалъхьэну…

(Къэбэрдей Ф. зэритхамк1э)

Лэжьыгъэхэр:

1. Къэбэрдей Ф. и сыт хуэдэ тхыгъэ мы 1ыхьэр къызыхахар? Зэпеуэныгъэр сытк1э иуха?
2. Къеджэн, псалъэ зэхэлъхэм я тхык1э хабзэр къыжы1эн.
3. Япэ псалъэухаит1ыр зэрызэхэт пкъыгъуэмк1э зэпкърыхын.

Анэм и къуэр.

Си адэм къызжи1эгъащ пщыхьэщхьэ гуэрым, дыт1ысыжа нэужь, мы хъыбарыр. Граждан зауэр яухати, зауэл1хэр я унэ ек1уэл1эжырт. Апхуэдэу зы анэ гуэрым и къуэри къыхуэк1уэжащ. Ауэ анэр гуф1эртэкъым, сыт щхьэк1э жып1эмэ щ1алэм у1эгъэ хьэлъэ телът ик1и сымаджэт, бийхэм къытрадза удыныр мыгъущыжауэ. Къызэрык1уэжрэ махуищ дэк1а нэужь, зауэл1 хахуэр п1эм хэгъуэлъхьащ. Ерыскъы 1эф1к1э игъашхэмэ, сымаджэр хъужын и гугъэу, анэм езым имы1эри гъунэгъухэм к1уэурэ къыгъуэтырт. Шатэ, кхъуей плъыжь, джэдыл – псори къыхуигъуэтырт, хузэблихырт абы, арщхьэк1э сымаджэр хъужакъым и бзэри иубыдащ. Зэгуэрым хьэлъэу зыкъытри1этык1ри сымаджэр анэм 1эпэтэрмэшк1э къепсэлъа щхьэк1э,

къыгуры1уакъым. Ит1анэ тхылъымп1э т1эк1у итхри кърitaщ. «Сэ си насыпт абы седжэфу щытамэ», - жи1ащ гузавэри анэм. Щ1эк1ри, тхылъ к1апэ т1эк1ум кърегъэджэн щхьэк1э, хьэблэр къик1ухьащ. Ар унэм Джэрий и гъусэу къыщыщ1ыхьэжам, и щ1алэр щы1эжтэкъым. Абы и ужьк1э и къуэ тхьэмыщк1эм къигъэна тхылъ к1апэ т1эк1ум еджэфын щхьэк1э, а фызыжьым тхылъ зригъэщ1ауэ жа1эж. Мырат абы итыр: «Си ныбжьэгъу Джэрий сы1уплъэжыну ик1и зыгуэр жес1эну сыхуейт». Сытыт абы жи1энур, хэти къыхуэщ1эжынт ар?

Лэжьыгъэхэр:

1. «Анэм и быным хуищ1эр ф1эмащ1эщ» псалъэжьымрэ тхыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэмрэ зэхьэл1ауэ тепсэлъыхьын.
2. Тхыгъэм хэт псалъэухахэр зыхуэдэ л1эужьыгъуэхэр къэгъэлъэгъуэн. Зы псалъэуха зэхэлъ-зэпха зэрызэхэт пкъыгъуэхэмк1э зэпкърыхын.

Хамэщ1ым вагъуэхэр щоужьых.

Анкара Тыркум и къалащхьэ къудейкъым, ат1э мэжджыт инхэм ящхьэщыт мазэ някъуэхэмк1э уафэгум зыхуэзы1эт щыхьэрщ. Куэд уигу къегъэк1 а муслъымэн дамыгъэм, куэдым урегъэгупсыс вагъуэмрэ мазэ някъуэмрэ зэрызэхьэл1ам.

Дахэт пщыхьэщхьэр. Анкара и щыгур щымт, уафэгу къабзэм щыблэ вагъуэхэр къызэрыщ псы щхьэфэ уэмым хуэдэу. Нурыр къыпихырт мазэ къыщ1эк1агъащ1эми. Вагъуэхэр пщ1ыпщ1ырт, я къарук1э зэрызэхуэмыдэр белджылыуэ. Асыхьэтым уэгум къы1эпыхуа вагъуэ закъуэр, щ1ым къыхуе1э щ1ык1эу, къэлъейри унк1ыф1ащ. Ар вагъуэиж жыхуа1эу дызэрыц1ык1у лъандэрэ зи гугъу къытхуащ1ырат. Нэхъыжьхэм жа1эрт ц1ыху къэс езым и вагъуэ и1эжу, ик1и ар дунейм щехыжым деж и вагъуэри ижу. А дакъикъэхэм сигу къэк1ащ мыр: пэжщ, мы щ1ылъэм куэд щол1э, ауэ къызэрымык1уэу ц1ыхуф1, бэм зи гъащ1эри зи гуащ1эри хуэлэжьа ц1ыху угъурлы, ц1ыхушхуэхэм дауэ яхужып1эн я вагъуэ ижу. Апхуэдэр дунейм ехыжми, к1уэдыркъым, ат1э вагъуэщ1эу уэгум къоувэж, алъандэрэ игъэдэха, и1эта щ1ыгум щхьэузыхь хуищ1а и гъащ1эр вагъуэм хуэк1уэжауэ.

Дэтхэнэ зы къэралыгъуэми ещхьу, тырку уафэми къыщоблэ апхуэдэ вагъуэ куэд. Абыхэм яхэтщ адыгэ вагъуэхэу хамэ уэгум зыщызы1этахэри.

(Хьэф1ыц1э М. зэритхамк1э)